

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Henrich, spk. dina Hakim (1985) ngagolongkeun jenis média pangajaran, nya éta :1) *media yang tidak diproyeksi*, 2) *media yang diproyeksi*, 3) *media audio*, 4) *media video*, 5) *media berbasis computer*, 6) *multi media kit*. Dina ieu hal média visual tilu diménsi (3D) mangrupa bagian tina média anu henteu diproyéksi baris jadi tilikan.

Média visual tilu diménsi (3D) digunakeun dina pangajaran nulis sajak. Média visual anu dimaksud nya éta mangrupa barang-barang anu aya disabudeureun, anu bisa ditilik tina segi mana waé sarta miboga diménsi. Média visual tilu diménsi (3D) mangrupa objék anu sabenerna (*real object*) atawa miniatur hiji objék. Nalika objék asli difungsikeun pikeun média pangajaran bisa dihadirkeun langsung ka kelas atawa siswa bisa diajak langsung ka dunya luar dimana objék aslina aya. Upamana objék henteu bisa dihadirkeun dikelas atawa siswa teu bisa disanghareupkeun langsung ka tempat di mana ayana objék, kukituna miniaturna bisa miboga fungsi pikeun média pangajaran anu éféktif. Daryanto dina Rusminto (1993, kc. 27) nétélakeun yén média visual nya éta : *semua alat peraga yang digunakan dalam proses belajar yang bisa dinikmati lewat panca indera mata*.

Média visual tilu diménsi (3D) miboga kaunggulan, nya éta gampang dilarapkeun dina kagiatan diajar ngajar sarta méré pangalaman anu nyata ka siswa. Salian ti éta, Moedjiono (1992) dina Daryanto (2013, kc. 29) nétélakeun yén média sederhana tilu diménsi (3D) miboga kaunggulan nya éta :

- 1) memberikan pengalaman secara langsung, 2) penyajian secara kongkrit dan menghindari verbalisme, 3) dapat menunjukkan objek secara utuh baik konstruksi maupun cara kerjanya, 4) dapat memperlihatkan struktur organisasi secara jelas, dan 5) dapat menunjukkan alur suatu proses secara jelas.

Nulis mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku sababaraha komponén, salasahijina ngeunaan kaparigelan nulis. Nulis ogé mangrupa kagiatan anu produktif jeung éksprésif. Dina kagiatan nulis, siswa bisa ngamanfaatkeun grafologi, struktur basa jeung kosa kecap. Kaparigelan nulis ieu moal bisa datang sacara otomatis, tapi kudu ngaliwatan latihan jeung prakték sarta kudu aya stimulus. Logan [et al] (1972, kc. 297) dina Tarigan (2008, kc. 9) nétélakeun yén *a) tulisan dibuat untuk dibaca, b) tulisan didasarkan pada pengalaman, c) tulisan ditingkatkan melalui latihan terpimpin, d) dalam tulisan, makna menggantikan bentuk, dan e) kegiatan-kegiatan bahasa lisan hendaklah mendahului kegiatan menulis.*

Nurutkeun Tarigan (1983, kc. 1) kaparigelan nulis bisa dipibanda jeung dicangkem ku ngaliwatan prakték jeung latihan. Ngaliwatan prosés kréatif, kamampuh siswa dina pangajaran nulis bisa dimekarkeun. Daya kréatif siswa diperedih mampuh ningkatkeun kawani dirina dina ngaéksprésikeun idé atawa gagasan nu aya dina pikirannana. Nulis mibanda fungsi utama nya éta pikeun alat komunikasi. Depdikbud dina Ridwan (Djuanda, 2008, kc. 179) nétélakeun yén nulis nya éta : *membuat huruf (angka, dsb) dengan pena, melahirkan pikiran dan perasaan (seperti mengarang, membuat surat) dengan tulisan; mengarang di majalah, mengarang roman (membuat cerita, membuat surat).* Ku kituna nulis mangrupa prosés atawa aktivitas anu ngahasilkeun gagasan, pikiran, rasa ka jalma lian atawa dirina ngaliwatan média bahasa mangrupa tulisan. Dina ahirna kagiatan nulis lain saukur pikeun sarana ngungkabkeun idé atawa gagasan, tapi bisa ogé jadi lahan pikeun mekarkeun imajinasi siswa.

Masalah nu kapanggih di lapangan ngeunaan pangajaran nulis sajak téh di antarana pangajaran sajak téh sok dianggap mata palajaran aljabar anu pinuh ku rumus, ku kituna fungsi sajak pikeun numuwuhkeun daya imajinasi jeung intuisi kalah robah jadi élmu mantik, kurang minatna siswa pikeun diajar jeung kurang éféktifna pangajaran anu diciptakeun ku guru (Aftarudin, 1983, kc. 41). Aya faktor séjén anu ngalantarankeun éta hal, diantaranya pangajaran sajak dianggap hésé ku siswa boh dina néangan idé boh néangan kekecapannana, salian ti éta aya anggapan yén nulis sajak téh mangrupa pagawéan “*penyair*” atawa sastrawan jadi

ngan anu miboga bakat anu bisa nulis sajak, siswa henteu bisa nulis sajak kusabab kurangna pangalaman dina nulis sajak ku sabab daya imajinasina “*mati*” sedengkeun sarana pikeun “*kepuitisan*” nya éta nyiptakeun daya imajinasi sarta cara guru nepikeun matéri pangajaran nulis sajak anu henteu variasi dina pelaksanaanna nyababkeun kurang ngirut minat siswa sarta stratégi anu dipaké ku guru teu bisa ngamekarkeun poténsi-poténsi anu aya dina diri siswa sangkan bisa laluasa ngaéksprésikeun idéna, dina hal éta hasil tina diajar nulis sajak jadi kurang nyugemakeun. Ku kituna salasahiji tarékah pikeun ngungkulan masalah diluhur nya éta nyieun atawa ngarobah média pangajaran pikeun nulis sajak ku cara maké média visual tilu diménsi (3D). Panalungtikan ngeunaan kaéféktifitasan média pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis sajak geus pernah ditalungtik ku Setiadi nya éta Eféktifitas Média Kartu Kecap pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII H SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2012/2013) jeung Eféktifitas Média Gambar dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Ékspérimén Murni ka Siswa Kelas VII SMP PGRI Pagélaran Taun Ajaran 2010/2011) ku Afriani Dadang Sudrajat.

Tina katerangan di luhur ébréh pisan sasaran panalungtikan téh nya éta dina kagiatan pangajaran nulis sajak, sedengkeun bédana nya éta palebah média anu digunakeunana. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu diayakeun.

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa dilarapkeun dina Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda pikeun sakola, dumasar kana Standar Kompetensi Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran nulis sajak bisa dilarapkeun pikeun kaparigelan nulis siswa SMP/MTs kelas VII (Disdik Jabar, 2007, kc. 94).

Dumasar kana éta kasang tukang, ieu panalungtikan anu judulna “Média Visual Tilu Diménsi (3D) dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis Taun Ajaran 2014/2015)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan téh diidéntifikasi saperti ieu di handap :

- 1) Kurangna kamampuh siswa dina pangajaran nulis sajak.
- 2) Kurangna pangalaman siswa dina nulis sajak.
- 3) Stratégi pangajaran nulis sajak kurang variatif.
- 4) Média nu digunakeun kurang nyiptakeun daya imajinasi siswa dina nulis sajak.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis dina nulis sajak Sunda saméméh ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D)?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis dina nulis sajak Sunda sabada ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D)?
- 3) Naha aya béda signifikan dina pangajaran nulis sajak saméméh jeung sabada ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D)?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta nguji béda signifikan média tilu diménsi (3D) saméméh jeung sabada ngagunakeun média tilu diménsi (3D) pikeun ngaronjatkeun jeung maluruh kualitas pangajaran nulis sajak, nepi ka tujuan pangajaran kahontal sacara optimal jeung mangpaat pikeun dunya atikan.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus diébréhkeun, tujuan panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun :

- 1) kamampuh nulis sajak Sunda siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis saméméh ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D),
- 2) kamampuh nulis sajak Sunda siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis sabada ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D),
- 3) béda signifikasi antara kamampuh nulis sajak Sunda siswa kelas VII-F SMP Negeri 2 Banjarsari Kabupaten Ciamis saméméh jeung sabada ngagunakeun média visual tilu diménsi (3D).

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna tioritis sarta mangpaat nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré mangpaat pikeun sistem pendidikan dina hal nyiptakeun média pikeun bahan pangajaran basa Sunda sarta mekarkeun kamampuh siswa dina kagiatan nulis sajak.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangpaat tioritis di luhur, aya ogé sababaraha mangpaat anu sipatna praktis, nya éta :

1) Pikeun Guru

Hususna guru basa Sunda dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina milih média pangajaran, hususna média visual tilu diménsi (3D) dina pangajaran sajak, sarta mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina pangajaran nulis sajak sabada digunakeun média visual tilu diménsi (3D).

2) Siswa

Siswa bisa mikanyaho mangpaat média visual tilu diménsi (3D) dina kagiatan nulis sajak, nepi ka minat jeung rasa sumanget diajar téh bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis sajak.

3) Nu Nalungtik

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, bisa dipikanyaho babandingan kamampuh murid dina kagiatan nulis sajak saméméh jeung sabada digunakeun média visual tilu diménsi (3D).

4) Nu Maca

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh, hususna ngeunaan mangpaat média visual tilu diménsi (3D) dina pangajaran nulis sajak di tingkat SMP/MTs.

1.5 Sistematika Penulisan

Bab I, minangka bab anu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta struktur organisasi penulisan.

Bab II, minangka bab anu ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan média visual tilu diménsi (3D), tiori nulis, jeung masalah dina pangajaran nulis sajak. Salian ti éta, aya ogé raraga mikir jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III, minangka bab anu ngabahas ngeunaan métodologi dina ieu panalungtikan, anu ngawengku sumber data panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik nganalisis data.

Bab IV, minangka bab anu ngabahas ngeunaan hasil panalungtikan. Dina ieu bab sagemblengna diébréhkeun tina hasil panalungtikan.

Bab V, minangka bab anu medar kacindekan jeung saran. Kacindekan maparkeun tina hasil panalungtikan. Saran miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.

